Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
ИнхосА ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 52 (6685) 9 декабрь 2019 с. Итни РабигIул ахир 1441 с. Багьа - эркенаб




БАРКИЯЛ

### 12 декабрь - Россиялъул Конституциялъул къо

ХIурматиял районцоял! Баркула нужеда тIаде щолеб бугеб пачалихъияб байрам - Россиялъул Конституциялъул къо! Россиялъул Конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетIеялъе, ракълие, миллияб цоцъиялъе ва жамгIияталъул гьудуллъи щулалъиялъе щулияб къучIлъун. РФялъул цIияб Конституция къабул гьабуна цIигьабун гIуцIиялъул карачелалъ улкаялда лъугьинабураб кIвар бугеб багъа-бачариялъул ва хиса-басиязул заманалда, гражданазул демократия цебетIеялъул, гьезул эркенлъи ва ихтиярал цIуниялъул , Россиялъул Федерациялъул гIемер миллатазулаб халкъалъул тарихияб цолъи цIуниялъул мурадалда.

Нилъер гIаммаб масъала ккола Конституциялъ лъазабураб щинаб: буголъи, къиматабщинаб щула гьаби ва чIарахъараб гIумру гьабизелъун гIуцIарухъанлъиялъулаб пайдаяб хIалтIи гьаби. Божилъи загьир гьабула Россиялъул Конституциялде мугъчIвайги гьабун кIудияб Россиялъул гьитIинабго бутIалъун кколеб нилъер районалъул гIадамаз хIаракат бахъизе букIиналда цолъи, вацлъи, рагIи данделолеб рухIияб цебетIей цIуниялъул, цере чIарал масъалаби тIуразариялъул рахъалъ.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, ракъел, икъбал-талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби, цIунаги щибаб хъизан кварилъи - балагьалдаса, ургъелалдаса, пашманлъиялдаса!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

### Казначействоялъул бакълъулазул отделениялъул хIалтIухъабазда баркула

**Микъабилеб декабралда кIодо гьабуна Россиялъул казначейство гIуцIараб къо. Щибаб соналъго гIадин исанаги казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз *жидерго* байрамалда дандчIвай гьабуна хIалтIулъ бергьенлъабиги росун.**

ХIурматиял казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда махщалилаб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, икъбал, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ МАСЪАЛАБИ

### Бакълъулазул росабалъе газ бачиналъул суалги борхана

**«Дагсельхозстрой» ГКУялъул нухмалъулевгун дандчIвана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

**3 декабралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIалтIулаб дандчIвай гIуцIана ДРялъул «Дагъсельхозстрой» ГКУялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповасулгун.**



Гьенир гьоркьор лъуна Бакълъулазул район учреждениялъ курировать гьабулел программабазда гIахьаллъи гьабиялъул суалал. ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана «Дагъсельхозстрой» ГКУялъул нухмалъулесул заместитель НигIматула Имашовги.

«Дагъсельхозстрой» ГКУялъ Бакълъулазул районалде газ бачунеб буго ва цогидалги проектал гIумруялде рахьинарулел руго. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна «Дагъсельхозстрой» ГКУялъул нухмалъиялъе, муниципалитеталда программаби гIумруялде рахъинарулел рукIиналъухъ ва гIагараб ракь хадубккунги цебетIезабиялъе гIоло цадахъ рекъон хIалтIизе бокьи загьир гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

### 207 гIарза тIубана

**ГIолилазул ва социалиял суалал гьоркьор лъуна районалъул администрациялда**

**2 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана гIолилазул ва социалияб бутIабазул суал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги. Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян гьабуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ тIубанин 207 гIарзаялда рекъон, гьединго хIалтIулаб сапар районалъул росабалъе гьабунин щуго нухалъ. Централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Абакаровас бицана тохтурзабазул къокъа медицинаялъул кумек гьабизеги профилактикияб халгьабиялъеги ЦIаналъ росулъе ун букIанин.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв маахщалилав Сурхай Сурхаевас абуна ремонталъулал хIалтIаби лъугIун хадуб ЛъаратIа гьоркьохъеб школа рагьиялде хIадурлъи букIанин.

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Школал, Нухал, Паркал**

-2 гьум.




**ХIамзат ГIизудиновас бицана Расул ХIамзатовасул ва Мустай Каримил гьудуллъиялъул**

-2 гьум.



**Аргъвани школа: цIияб тIох ва интернат**

2 -3.гьум.



**Авар мацIалда хIадисал рициналъул конкурс**

3 гьум.

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Школал, Нухал, Паркал

### Федералиял ва республикаялъулал проектал тIураялъул суалал рорхана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас

**2 декабралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана федералиял ва республикаялъулал проектал гIумруялде рахьинариялъул, районалъул ополченцазул сияхI мухIкан гьабиялъул, призывалъулаб кампаниялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, росдал поселениязул бутIрул ва цогидалги. Районалъул бетIерас киназдего хитIаб гьабуна проектал гIумруялде рахьинариялъулъ гIахьаллъеян.

«Бакълъулазул районалда гIумруялде рахьинарулел руго федералиял ва республикаялъулал анцI-анцI программаби. ДРялъул бетIер Владимир Васильевас лъикIаллъун рикIкIана «100 школа», «Дир Дагъистан-дир нухал», «Дир Дагъистан-санагIатаб шагьаралъул сверухъльи» ва цогидалги кIвар бугел проектал. Районалъул ичIго школалъе ремонт гьабуна «100 школа» программаялда рекъон ва сахаватчагIазул спонсорлъиялъулаб рахьккевяялдалъун. ДРялъул бетIерасе баркала загьир гьабула гьединал проектал риччаралъухъ»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районалъул бетIерас гьединго тIадчIей гьабуна, 1999 соналъул августалда - сентябралда халкъазда гьоркьосел террористал рачахъулаго ВатIан цIунулез бихьизабураб бахIарчилъи, къохIехьей, битIараблъун рикIкIана Дагъистаналъул ополченцазе рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчагIазул статус кьеялде лъураб гали. «1999 соналъ Дагъистаналъул халкъ бахъана Россиялъул цолъи ва конституциялъулаб гIуцIи цIунизе. Рагъулал хъулухъчагIигун, гIадлу-низам цIуниялъул хIалтIухьабигун цадахъ халкъияб ополчениялъул отрядаз дандечIей гьабуна халкъазда гьоркьосел хъачагъазда. Бакълъулазги лъуна мустахIикъаб бутIа терроризмалда тIад бергьенлъи босиялъе»,-ян абуна хадубги ХIажимурад МухIамадовас.

Данделъиялда гьединго гьоркьор лъуна призывнияб кампания гIуцIа-къан тIобитIиялъул, рищни-къул баччи рукIалиде ккезабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалазда хурхун дандрекъон кколел тIадкъаялги кьуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

# 207 гIарза тIубана

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** гьабун бугин ва химиялъулги биологиялъулги мугIалимазул данделъи тIобитIизе бугин.

Бакълъулазул районалдачи МухIамад Зубайировас. «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна нухал къачIанин,



са 500 гIан чи гIахьаллъараб тадбир тIобитIана Санкт-Петербургалда. Районалъул гIолилазул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна Северияб Кавказалъул «Ракълилаб Кавказ» форумалда. ГIолилазда гьоркьосел гьел ва цогидал хIалтIабазул бицана районалъул бетIерасул кумекгIадамазул рукъзабахъе плановияб къагIидаялда газ бачунеб бугин.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва тIадкъаял кьуна.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ШКОЛАЛ

# Аргъвани школа: цIияб тIох ва интернат

### Мактаб цIигьабун къачIана

**3 декабралда Бакълъулазул районалъул Аргъвани гьоркьохъеб школа, «100 школа» программаялда рекъон капиталияб ремонталдаса хадуб, рохалилаб ахIвал-хIаладда рагьиялъул тадбир тIобитIана.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв махщалилав Сурхай Сурхаевас, районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас, архитектураялъул ва бакIал раялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас, финансовиб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас, Аргъвани гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад ГIалиевас, «Сельсовет «Аргванинский»» росдал поселениялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас, мугIалимзабаз, цIалдохьабаз ва гьезул умумуз.

Муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевасул нухмалъиялда, районалъул администрациялъул делегациялъ хал гьабуна ремонталъул качествоялъул. Школалъул минаялъул тIох хисун буго, цIалул кабинетал хьахIгьарун, лажбар бахун къачIан руго, гIодочIабар хисун, цIиял нуцIби, хинлъиялъул хIухьлал



цIияб система лъун руго. Аслияб корпусалда цебе рукъ бана.

Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад ГIалиевас бицана школалъул тарихалъул, баркала кьуна «100 школа» программаялда рекъон капиталияб ремонт гьабизе квербакъиялъухъ районалъул нухмалъулезе, баркалаги кьолаго, разилъи загьир гьабуна тIадеги гIарцулаб кумек гьабурал школа лъугIаразе ва сахаватчагIазе.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан МухIамад Хьарагишиевас эргъвендерида баркана капиталияб ремонталдаса хадуб школа рагьи, баркала кьуна кумек гьабурал сахаватчагIазе ва цогидалги гIадамазе.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН...

# ХIамзат ГIизудиновас бицана Расул ХIамзатовасул ва Мустай Каримил гьудуллъиялъул

### Башкириялъул Хъвадарухъабазул союзалъ 85 сон тIубана

**«Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов гIахьаллъана Башкортостан Республикаялъул хъвадарухъабазул Союзалъ 85 сон ва «Китап» басмаханаялъ 100 сон тIубаялда хурхун тIоритIарал тадбиразда. Юбилеял тIоритIана Башкириялъул тахшагьар Уфа шагьаралда. Башкириялъул гIадамазда юбилеял баркана Россиялъул Федерациялъул ведомствабазул вакилзабаз, регионазул делегацияз, къватIисел пачалихъалдаса гьалбадерица.**

Башкортостан Республикаялъул хъвадарухъабазул Союзалъ 85 сон ва З. Биишевалъул цIаралда бугеб «Китап» тIахьазул басмаханаялъ 100 сон тIубаялда хурхун байрамалъулал тадбирал тIоритIана Пачалихъияб «Башкортостан» концертазул залалда. Башкириялъул бетIер Радий Хабировасул рахьалдасан киназдаго баркана БРялъул вице-премьер Фанур Ягафаровас.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул ва мугIрузул улкаялъул творческияб интеллигенциялъул рахьалдасан баркиялъулаб кIалъай гьабуна «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас.




Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасулги, гьавуралдаса гьаб соналъ 100 сон тIубалев Башкириялъул халкъияв шагIир Мустай Каримилги кIудияб гьудуллъи букIараблъи ракIалде щвезабун, ХIамзат ГIизудиновас цIалана ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул баркиялъулаб кагъат, Башкортостаналдаса пишацоязе кьуна МухIамад АхIмадовасул «Исповедь сына гор» абураб тIехь, жиндирго «На Харибском перевале» абураб къиса. Загьир гьабуна регионазда гьоркьор рухIиял, маданиял бухьенал хадурккунги щулалъизе рукIиналда божи.

«Расул ХIамзатовас заманаялда бицунаан жиндирго гьудул Мустай Каримил хIакъалъулъ. Гьудуласе сайгъат гьабураб кечI рикIкIунаан. Мустай Каримил руго гьадинал рагIаби: «Поэтал гьечIеб халкъ - жеги халкъ гуро»ян. Рохизарула Башкириялда махщел камилал гIолохьанал авторал, цIиял тIахьал рахьулел рукIиналъ»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**

2019 СОН - ТЕАТРАЛЪУЛ СОН

# Бакълъулазул маданияталъеги бакI щвана

### Регионалияб XVII-абилеб конкурсалда гIахьаллъана Набигула АхIмадибиров

**28 ноябралда МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана ургадулаб XVII абилеб видеофильмазул регионалияб конкурс.**

Конкурсалда гIахьаллъана бетIералда культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировгун, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул хIалтIухьабаз. Исана анкьабилеб нух букIана маданияб централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# Бакълъулазул маданияталъеги бакI щвана

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)** культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадировас, халкъияб творчествоялъул, фольклоралъул ирсалъул «Нур» конкурсалда гIахьаллъи гьабулелдаса. Гьес жюриялъул хал гьабиялде босун букIана «ТIолабго гIумру сценаялда» абураб видеофильм. Хас гьабун гьеб тема



тIаса бищараб букIана 2019 сон театралъул лъагIеллъун лъазабун букIиналъ. Рехсараб видеофильмалда бицунеб букIана Аваразул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб музыкалияб-гун драмаялъулаб театралъул актер, музыкант ва кочIохъан, Дагъистаналъул халкъияв артист ТIад Инхо росулъа Муса ГIабасовасул гIумрудал, творческияб нухалъул.

Конкурсалда бихьизабуна 70 гIанасеб видеофильм. Театралъул соналда хурхараб темаялда бахъараб букIин ва гIицIго Бакълъулазул районалдаса гурони гьединаб видеофильм бачIун гьечIолъи хIисабалдеги босун, жюриялъул хIукму ккана Набигула АхIмадировасул видеофильм XVII- абилеб регионалияб конкурсалъул дипломалъе мустахIикъаблъун рикIкIине.

Цо исана гуреб операторлъиялъул махщел камилав Набигула АхIмадировас конкурсазда бергьун, дипломалги, шапакъаталги росулел ругел. Масала, республикаялъулал конкурсазда тIоцебесеб бакIал щвана 2004 соналъ гIадатазул хIакъалъулъ видеофильмалъе, 2012 соналъ «Лъалъадиялъул рахъил къо», 2015 соналъ «Кинидахъ кучIдул» фильмазе. Гьеб букIана операторлъиялъул тIадегIанаб махщалие къураб мустахIикъаб къимат.

2017 соналъ Набигула АхIмадировас бахъараб «Рецул къо» абураб видеофильмалъе «Дир гьитIинаб ВатIан» номинациялда лъабабилеб бакI щвана. 2018 соналъ XVI - абилеб «Нур» конкурсалда «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильм бищун лъикIаблъун рикIкIана ункаялъул батIи-батIиял регионаздаса бачIараб 30 фильмалда гьоркоб ва конкурсалъул гран-при щвана.

Бакълъулаз Набигула АхIмадировасда баркулеб буго исана районцояв Муса ГIабасовасул хIакъалъулъ видеофильмалъе гIоло диплом щвей, гьарулел руго хадуркунги творческиял бергьенлъаби.

**Къурмагьиз ХIадисова**



# Авар мацIалда хIадисал рициналъул конкурс

### Бергьана Аргъваниса, ЛъаратIаса ва Гъоркь Инхоса ясал

**Бакълъулазул районалда лъималазда гьоркьоб тIобитIана МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал цIалиялъул конкурс. Тадбир гIуцIана «Гумбеталъул гIолилал» ДРООялъ лъималазе динияб лъайкьеялъул, рахьдал мацI цIуниялъул, цIалдохъабазул гIаммаб лъаялъул даража борхизабиялъул мурадалда.**

ТIубараб моцIалъ конкурсалъул гIуцIиялъулаб комитеталъухъе рачIана конкурсантазул видеоматериалал. Гьел къецазда гIахьаллъана 152 чи. «Араб соналъ нижеца гIуцIана авар мацIалда МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ асарал цIалиялъул конкурс. Гьеб проект киназго гьираялда къабул гьабуна. Конкурсалда гIахьаллъана ункаялъул батIи-батIиял регионазда ругел лъимал. Гьаб соналъ тIобитIана МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал лъикI цIалиялъул конкурс. Проекталъе жаваб гьабуна гIемерал лъималазз. Гьединал проектал гIумруялде рахьинарулел рукIиналъ нижее баркалаби загьир гьарулел руго»,-ян абуна конкурсал тIоритIиялъул хIаракатчи, Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас.

Конкурсалъул жюриялда рукIана: ДРялъул Муфтиятталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев Ражаб Ханмирзаев, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов, Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудинов. Жюриялъул чле-



наз тIадчIей гьабуна гьединал проектазул кIваралда, лъималги гьезул умумулги ахIана конкурсазда жигаралда гIахьаллъизе, лъай борхизабиялда тIад хIалтIизе.

ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна жюриялъул членал разилъанин лъималазул цере рахьиназдаса, тIадегIанал балал щванин мустахIикъал конкурсантазе.

«ХIадисал лъикI лъаялъул конкурсалда гIахьаллъаразда гьоркьор рукIана рехсараб проекталде тIадчIун хIадурлъаралги дагьалго тIасамасахъего гьеб хIалтIуде балагьаралги. Жюриялъ киналго церерахьиназе конкурсалъул тIалабазда ва къагIидабазда данде кколеб къимат къуна. Проект хIадурараз гьеб биччан букIана гIолеб гIелалда хIадисазул магIна бичIчIин, рахьдал мацI лъималазда гьваридго лъай мурадалда. КигIанго бокьичIониги цо-цо конкурсантал проекталде кIвар гьечIого ралагьана, рукIана загIипал церерахьинал, цоцояз хIадисал тIамачIалдасан цIалана, риччана гъалатIал. Цо-цо гьединал гIунгутIаби риччаниги, лъималаз рази гьаруна. Баркула бергьенлъи щваразда, призеразда, конкурсалда гIахьаллъарал киназдаго! Нужеца гьварид гьабуна нужерго исламияб лъай. Лъималазде ва гьезул умумузде хитIаб гьабулеб буго, гьединал конкурсал гьоркьор риччагеян, къецазде лъикIго хIадурлъеян, хIасилал лъикIлъизареян»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Конкурсалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ЦIияб Аргъвани росулъа ГIайшат ХIажиева, кIиабилеб бакI щвана ЛъаратIа росулъа Марьям ГIимрановалъе, лъабабилеб бакI - Гъоркь Инхо росулъа Хадижат ГIабдулкаримовалъе. Балагьаразе рекIее гIеялъул призалъе мустахIикълъана ЧIиркъатIа росулъа Фатимат МухIамадова.

Бергьаразе ва призеразе къуна дипломал, гIарцулал сайгъатал, тIахьал ва цогидалги сайгъатал.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**



# ЦIияб Аргъванир цIалдохъабазда гьоркьор торгIо хIаялъул къецал

**Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани росулъ цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIана торгIо хIаялъул къецал. Къецазда гIахьаллъана районалъул школаздаса 150 цIалдохъан – ясазул 7 ва васазул 8 команда.**

Къецал тIоритIиялъе кIудияб кумек гьабуна ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировас.

«Къецал тIоритIиялъул мурад букIана торгIо хIаялъе Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло зоналияб этапалда гIахьаллъизе къуватал командаби тIаса рищи, школлъималазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи, гьел сахаллъун гIун рачIин, хIажат гьечIеб хьвада-чIвадиялдаса рикIкIад чIезари»,-ян абуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель



НурухIма МухIамадовас.

ТоргIо хIаялъе ясазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ЧIиркъатIа, кIиабилеб бакI Гъоркь Инхо, лъабабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъел школазул тIаса рищарал командабаз ккуна. Васазул тIаса рищарал командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе ЦIияб Аргъвани, кIиабилеб бакIалъе Игьали, лъабабилелъе Гъоркь Инхо школазул командаби мустахIикълъана. ЦIияб Аргъвани школалъул командаялда гьорлъ хIалев вукIана торгIо хIаялъул рахьалъ Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялъул член МухIамад Ибрагьимов. Гьес бихьизабуна хIазе махщел букIин. Гьанибго бихьизабизе ккола гьаб соналъ Кунзахъ ва ЦIаналъ аслиял школазул командаби лъикIго хIадурлъун рачIараллъиги.

**«Гумбет» РИО**



# Бакълъулазул районалда тIобитIана химиялъул ва биологиялъул мугIалимзабазул данделъи

**2 декабралда МелъелтIа Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда районалъул информациялъулаб централъ тIобитIана химиялъул ва биологиялъул мугIалимзабазул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазул химия ва биология кьолел мугIалимзабаз, районалъул информациялъулгун методикияб централъул хIалтIухъабаз.**

Данделъи рагьана информациялъулгун методикияб централъул методист Зайид ХIусеновас. РМОялъул химиялъул ва биологиялъул мугIалимазе нухмалъулев АхIмад ГIумарасхIабовас лъай-хъвай гьабуна кIвар бугеб темаялда теоретическияб материалалъулгун. Рагьарал дарсал къуна 9 классалда -биологиялъул мугIалим Идайилав Абакаровас, 8 классалда - химиялъул мугIалим ГIали АхIмаднабиевас. Рагьарал дарсал ана гIахьаллъаразе хадубккунги гьабулеб хIалтIуе пайдаяб хIалалда.

Данделъиялда кIалъазе рахьана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул биологиялъул мугIалим МухIамадхIабиб ГIалиев, районалъул лъайкьеялъул централъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев,, ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул химиялъул мугIалим МухIамад МухIамаднaзиров, ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул биологиялъул мугIалим Умусалимат Камилова ва цогидалги. Данделъиялъул хIасилал гьаруна районалъул методикияб хъулухъалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.

# Аргъвани школа: цIияб тIох ва интернат

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

Жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас абуна: «100 школа» программаялда рекъон районалда школал цIи гьарун къачIалел руго регионалъул нухмалъиялъул хIаракатчилъиялда. Капиталияб ремонт гьабизегIан школалда лъикIаб хIал букIинчIо, сурсатал гIолел гьечIолъиялъ ремонт гьабизе ресги гьечIого. Гьеб программа гIумруялде бахъинабиялъ, школалда гIемераб хIалтIи гьабун буго цIи гьабиялъе ва берцинго къачIаялъе»,-ян.

**Макка МухIамадова**

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагъула.
Инхоса Пали-хIажи



ТIИБ

## ЦIияб аппаратал халгьабизе рачIа, хIурматиял районцоял!

**Бакълъулазул районалъул больницаялде бачIун буго цIияб «Проскан-7000» флюорографиялъул аппарат. Гьеб хIалтIизе биччаралдаса гIадамазул лугбузул, хасго гьуърузул халгьабиги**



**тIобитIулеб буго.**

Гьеб аппараталъ черхалъе заралиял чIорал (облучение) цIакъго дагьал кьола. Цебе букIараб флюорографиялъул аппараталъ кьолаан 0,3 МЗВ-чIорал, гьанже бугеб аппараталъ 0,032 МЗВ гурони кьоларо, гьеб ккола дагьаб къадар. Гьуърузул ва рекIел кигIан дагьалги хиса-басиял гьелъ рихьизарула.

ХIурматиял районцоял, нужеда лъалеб батила, гьаб ахирияб заманалда цIакъго цIикIкIун руго ракалъ унтаразул къадар ва гьеб унтиялъ хваразул къадар. Щивав чияс кIвар кьезе ккола жидерго сахлъи цIуниялде. Унтул байбихьудаго рентгеналда лъуни, гьеб тIатуна, гьитIинаб опухоль букIаго сах гьабизе бигьалъула.

КъваригIун буго, цIияб аппаратаде лъезе лъагIалида жанир цо нухалъгIаги рачIине. Флюорография гьабизе рачIине кколеблъи нужее баянлъизе, бачина цо мисалги. Гьал къояз хал гьабизе вачIарав унтарасул хиса-баси батана флюорографиялда. Гьев витIун вукIана МахIачхъалаялде. Унтарасул батана мугъза гьодил кIиго ракьа биун тIагIиналде ккун. Гьев чи, расги лъачIого, захIматаб хIалтIиги гьабун, гIодов ккун вукIаравани, гьесул ахир квешаб ккезе букIана, бекун мугъзагьодгун, гьодил нахалъе заралги кьун, гIумруялъго бусада лъезе бегьулаан. Гьанже гьесул гьодил рукьби хисизе бегьула. Гьединал хIужаби гIемерал тIатана дун хIалтIулел созазда. Гьари буго тарихазулаб флюорография гьабизе лъагIалида жаниб цо нухалъ рачIаян. Унти цудунго, ай байбихьудасаго тIатани, сах гьабизе бигьалъула.

**Гулисат Худатбегова, Бакълъулазул районалъул поликлиникаялъул врач-рентгенолог**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

**ХIурматиял районцоял! Байбихьун буго 2020 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.

Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гье-лъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIа-базул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ




редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2020 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

ХIурматиял подписчикал! Россиялда гIадатлъун лъугьун буго газетазул, журналазул подпискаялъул багьа цIикIкIинаби. Гьале иргадулаб нухалдаги 2020 соналъе районалъул «Гумбет» газеталъул подпискаялъул багьаги хиралъана.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 534,48 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 267,24 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**«Гумбет» басмаялъул редакция**

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз, редакциялъул хIалтIухъабазги гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовасда, эмен Муртаза Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## О резервном фонде

**Прокуратурой района при проведении правовой и антикоррупционной экспертизы правовых актов выявлены противоречия муниципальных нормативных правовых актов действующему законодательству.**

Установлено, что постановлением администрации МР «Гумбетовский район» от 07.05.2013 №54 утверждено Положение о порядке расходования средств резервного фонда администрации района (далее – Положение).

В соответствии со ст. 81 БК РФ средства резервных фондов исполнительных местных администраций направляются на финансовое обеспечение непредвиденных расходов, в том числе на проведение аварийно-восстановительных работ и иных мероприятий, связанных с ликвидацией последствий стихийных бедствий и других чрезвычайных ситуаций, а также на иные мероприятия, предусмотренные порядком, указанным в пункте 6 настоящей статьи.

Исходя из указанного, средства резервных фондов могут направляться на любые расходы при условии, что они являются непредвиденными, т.е. не предусмотрены соответствующим бюджетом на текущий год.

Однако, в Положении предусмотрен ряд выплат из резервного фонда, не относящихся к непредвиденным расходам.

К примеру, Положением предусмотрено расходование средств фонда на оказание материальной поддержки физическим и юридическим лицам, на проведение общественных мероприятий, а также на поддержку и поощрение граждан и организаций за заслуги перед районом.

Аналогичные противоречия выявлены в нормативных правовых актах муниципальных образований сельских поселений.

По результатам проверки прокуратурой района на противоречащие законодательству нормативные правовые акты принесено 8 протестов.

Рассмотрение актов реагирования прокуратурой района взято на контроль.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района, старший советник юстиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## С какого возраста можно продавать несовершеннолетним петарды и другую пиротехнику?

**Нужно помнить, что пиротехнические изделия являются пожароопасными и при неправильной эксплуатации могут причинить вред здоровью. Основной риск при использовании пиротехники несовершеннолетними - вероятность получения травм.**

Правила продажи пиротехнической продукции регламентируются Постановлением Правительства Российской Федерации от 22.12.2009 № 1052 «Об утверждении требований пожарной безопасности при распространении и использовании пиротехнических изделий» (далее Постановление).

Вся пиротехническая продукция, включая петарды, разделяется на 5 классов опасности. От присвоенного класса зависит радиус опасной зоны, условия хранения, возрастные ограничения. На каждом изделии должен быть указан класс опасности и возрастное ограничение.

В соответствии с пунктом 11 Постановления запрещено продавать пиротехнические изделия лицам, не достигшим 16-летнего возраста (если производителем не установлено другое возрастное ограничение).

Таким образом, продавать петарды, салюты или другую пиротехнику можно только лицам, которые достигли 16 лет.

В случае нарушения данного запрета продавец пиротехнических изделий может быть привлечен к административной ответственности по статье 14.2 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях (незаконная продажа товаров (иных вещей), свободная реализация которых запрещена или ограничена).

За совершение таких противоправных действий установлен штраф для граждан в размере от 1,5 до 2 тыс. рублей; должностных лиц - от 3 до 4 тыс. рублей; юридических лиц - от 30 до 40 тыс. рублей. Кроме того, может быть применена конфискация предметов административного правонарушения.

Протоколы об административных правонарушениях по статье 14.2 КоАП РФ уполномочены составлять должностные лица органов внутренних дел (полиции) и органов Роспотребнадзора.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района, старший советник юстиции**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.